ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№206 (23.614) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 27, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым



Урысейм щыпэрыт щІыналъэхэм дахэтщ

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

ПАРЛАМЕНТАРИЙХЭР зытепсэлъыхьа зэхъуэкІынигъэхэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым и депутат Зекіуэрей Алимрэ Сумаев Ахьмэтрэ я кІуалікъым зэрытекІыр. Дяпэкіэ Зекіуэрейр «Чайкэ» санаторэм и унафэщіу щытынущ, Сумаевым КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и кІуэдзэ кІалэнрі къыхуагъэфэщащ.

Зэлуцім къыщаІэта Іэхэухэм ящыщу гу нэхъ зыльытапхъэр КъБР-м медицинэ страхованэм щыухуаха щыщІалъэ мылъкур къэгъэсэбэпа зэрыхьуаращ. Республикэм медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ Іэхэущіапіэм и унафэщі **Бгъэжьнокъуэ Зурият** зэрыжиІамкІэ, мы илъэсым страхованэм хуаутІыпща мылъкур 2017 гъэм и блэкІа мазибгъум кьрибыдэу яухащ, уебламэ хэщІыр нэхъыбэщ, хэхьуэм нэхьрэ.

- 2017 гъэр кьыззрихьэрэ сом мелуани 6,8-рэ хэхьуэу диІащ, ауэ страхованэм тедгъэкІуэдащ нэхъыбэщ - сом мелуани 6,9-рэ мэхъу, икІи сом 59.412-кІэ дыкъинауэ жьыпІэ хъунущ, - жиІащ Бгъэжьнокъуэм.

Апхуэдэу зэлуцІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджакІуэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхэухэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**. Ар тепсэлъыхьащ зыуэ щыт къэрал экзаменхэр республикэм зэрыщекІуэкІам, ди щІыналъэм къигъэлъэгъуа екъулІэныгъэхэм. Министрым зэрыжиІамкІэ, 2017 гъэм экзаменхэм ятащ ныбжьыщІэ 4478-м. Абыхэм ящыщу 409-м иІъэс зыбжанэ и пэкІэ курыт еджапІэр къуахат, ауэ щхьэусыгъуэ гуэрхэмкІэ экзаменым иримыхьэлІауэ арати, ирагъэтыжащ. КьищынэмыщІауэ, Емузым кьыхигъэщащ блэкІа иІъэсхэм елъытауэ, мы гъэм ди щІалэгъуалэм екъулІэныгъэфІхэр кьызэрагъэлъэгъуар:

- 2016 гъэм елъытауэ, мы гъэм тхыдэмкІэ ику иту балл 11, математикэмкІэ - 5, нэмыцІбзэмкІэ балли 5,3-кІэ нэхъыбэ кьахьащ ди ныбжьыщІэхэм. Апхуэдэу балли 100 къэзылэжьыфхэм я бжыгъэри хэхъуащ. УрысыбзэмкІэ, химиемкІэ, тхыдэмкІэ, информатикэмкІэ екъулІэныгъэфІхэр кьагъэлъагъуэ. Дауи, гуныкъуэгъуэ гуэрхэри зэлэжьыжьыпхъэхэри щІэІэщ, ауэ аттестат зрамытахэм я бжыгъэр фІыуэ нэхъ мащІэ хъуащ, дыщэ медалкІэ курыт еджапІэр кьэзыІуохэм я бжыгъэмкІэ Урысейм щыпэрыт и щІыналъэхэм дызэхэтщ, - кьыхигъэщащ Емуз Нинэ.

Регламентымкіэ, депутат хабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэ къызэрэпэщІынымкІэ комитетым и унафэщі **Кансаевэ Еленэ** тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэ.

- Хабзэубзыку лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ, Парламентым щекІуэкІ зэІуцІэхэр кьыззрызэрагъэпэщІымкІэ дызэчэнджащіну, дызэдзэкъэну зэгурыІуэныгъэ зэтщІылІэнущ, - кьыхигъэщащ Кансаевэм.

Зэлуцім зытепсэлъыхьа нэгъуэщІ Іэхэухэмкіи депутатхэм зэдзэарзэныу Іэ яІэтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Ар къэдмыгъэхъун тлъэкІынущ!»

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Республикэ клиникэ сымаджэщым и пэІущІэ пэшышхуэм жэпуэгъуэм и 27-м сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 13 пщІондэ щекІуэкІынущ Инсультым (щхьэ куцІым лъыр дэуеиным) пэщІэтыным и дунейпсо махуэм хуэгъэпса акцэ, «Ар къэдмыгъэхъун тлъэкІынущ!» фІэщыгъэр иІэу.

ЛЪЫНТХУЭ узыфэхэм гугъу ирагъэхьэр абы екІуалІэмэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым лъынтхуэ узыфэхэмкІэ и центрым и Іэщіагъэлэпхэр - невролог, гу дохутыр, хирург, эндокринолог, терапевт - кьеплъынурэ чэнджащхэри кьратынуц. Апхуэдэ кьэпщытэныгъэ ирагъэкІуэкІын хуейуэ дохутырхэм кьалъытэмэ, сымаджэхэм УЗИ-кІэ, КТ-кІэ, МРТ-кІэ кьеплъынущ.

Щхьэ куцІым лъы дэуеиныр ди зэманым и узыфэ нэхъ щынагъуэхэм хабжэ. Абы щыхур зэуэзэпсэу игъэлэнкІэ е ныкъуэдыкъуэу кьигъэнэнкІэ хъунущ. Лъынтхуэ узыфэхэр зыпкърытхэр гъэхъужьным хуэгъэпса программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащІэм и фІыгъэкІэ, 2013 гъэм кьыщыщІэдзауэ инсультым и зэранкІэ дунейм ехьижхэм я бжыгъэр проценти 10-кІэ ягъэмэщІэн яхуэзэфІэкІащ икІи абы илІыкІхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу. 2017 гъэм и мазийм кьрикІуахэм кьыззрагъэлъагъэщи, инсультым илІыкІхэм я бжыгъэр проценти 6,7-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, илъэс кІуам и апхуэдэ пІалъэм ирихьэлІэу зэрыщытам еплъытмэ.

Инсульт зэуэлІэнкІэ шынагъуэ нэхъыбэ зиІэу дохутырхэм кьалъытэ зи давленэр лъагэхэр, зи гур мардэм тету кьемыуэхэр, зи холестериныр лъагэхэр, тутынафэхэр. ИкъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщі инсультым наІуэ зыкъыззрищІ ялэ нэщэнэхэр пщІэным, сыту ялэпІэмэ, ар зэуам ялэ сыхьэтищым игъуэт дохутыр дэІэпыкъугъэм елъытащ ар ажалым кьегъэлыным и мызакъуэу, уеблэмэ ныкъуэдыкъуагъэ химыхьу кьыззтенэныр. Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэмкІэ и центрым и ІэщіагъэлІхэм ажцэм кьрихьэлІэхэр апхуэдэуи щагъэгъуэзэнущ цІыхум инсульт кьыззреуэлІар кьыззращІэ нэщэнэхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Зэхыхьэ

Хэкупсэу ягъасэ

Кавказ Ищхъэрэм гъэзэджэмкІэ и институтым музыкэмкІэ и кадет корпусым щеджэ цІыкІуэхэм псалъэ быдэ ирагъэтащ Хэкум хуэпэжыным, щІалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъунымкІэ.

«МЫ ІУЭХУМ хэтыну кьарагъблэгъат кадетхэм я адэ-анэхэр, ветеранхэм я Налшык кьалэ Советым, МВД-м и ученситет Краснодар дэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Зэхыхьэр кьызэІуихащ кадет корпусым и унафэщІ Щэрдэн Анатолэ. Абы псалъэ гуапэкІэ зэхуигъэзащ кьызэхуэсахэм, ныбжьыщІэхэр кьыхуриджащ Хэкум хуэпэжыным, мамырыгъэмрэ зэкъуэтныгъэмрэ я гъуэгуэгъэ, жэуаплныгъэ яхэлъу я кьалэныр ягъэззщІэну.

Музыкальнэ колледжым щеджахэм хэкупсэ гъэсэныгъэм, ТекІуэныгъэм, къэралым и хъумакІуэхэм ятеуэуха уэрэдхэр ягъэззщІащ, абыхэм я гъусэу кадетхэр усэхэм кьеджащ.

ИтІанэ корпусым и 5-нэ классым щеджахэр военнэ маршым щІэту утыку крашэуэрэ псалъэ быдэ ирагъэтащ.

Кадетхэм я зэщІэхъеныгъэм и тхыдэм, ди къэралым и дзэ хуэІуэхущІэхэмкІэ музыкальнэ кадет еджапІэхэм яІэ мыхьэнэм, абыхэм адэкІэ кьапэплъэ кьалэнхэм, кадетым хэлъын хуей щІэныкъо зригъэгъэутын хуей щІэныгъэмрэ - а псоми тепсэлъыхьащ Іуэхур кьыззэшІыгъэпэщІэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Налшык

Жыгхэм кІэлъоплъ

ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ Налшык и Управленэм лэжьыгъэ пыухыкІахэр зэфІех кьалэ кІуэцІым дэт жыгхэм я щытыкІэр къэпщытэным теухуауэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Эльбрускэ уэрамым щхъэмч жыгхэр (каштан) ирахащ, а щІыпІэм щызекІуэ транспортхэм я бжыгъэр куэдыщ зэрыхъуам кьыхэкІыу. А уэрамым псом хуэмыдэу хьэпсэзешэ машинэхэр щымащІэкъым. Абыхэм я зэранкІэ гъэзгум телъ асфальтыр щІэх-щІэхыурэ яхъуэжьыкІ хуей мэхъу. КІимыдэкІэ, гъэзгур нэхъ бгъуэ ящІынущ. Аращ жыгхэр ирахьн хуей щІэхъуар. А уэрамым щыпсэуухэм кьыгурагъэІуащ абыхэм я пІэкІэ жыгыщІэ цІыкІухэр зэрыхасэжьнур. Ахэр гъэзгум фІыуэ кьыпэщІэхаэу щытынущ, транспортыр зыкІи зэран хэзмыхъуу.

Мужьрей илъэсищым кьрибыдэу кьалэ кІуэцІым жыгыщІэу мини 2-м нэблагъэ щыхасащ. ЩІыпІэ администрацэм и нэІэм щІэмыту зы жыгы, зы щхъуантІагъи зыщІыпІи щрахыркъым икІи щхьахэркъым. Лэжьыгъэ псори кьалэм и иджырей архитектурэ убзыухуІэм теухуауэ зэфІах.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НОБЭ

♦**Аудиовизуальнэ щІэиныр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Тыркумэн Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1924 гъэм Тыркумэн ССР-р къызэрагъэпэщащ. 1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм я кьэралым и щхьэхуитыныгъэм теухуа унафэ кьиущащ. Абы икІи иткІэ Тыркумэн ССР-м зэреджэр Туркменистану зэрахъуэжьІащ.

♦**1829 гъэм** США-м и щыгъэпкралъхьащ сабий кьэзэрыращкІ гу цІыкІур.

♦**1867 гъэм** Толстой Лев «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» романыр тхын иухащ.

♦**1895 гъэм** Транссыбыр гъущІ гъэгум и ялэ Іыхьэр ухуэн яухащ.

♦**1927 гъэм** Москва къыщыІэзэхащ Лэжьакіуэ щІалэгъуалэм я театр нэхъыщхьэр. Иджыпсту ар Ленком театрырщ.

♦**1940 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

♦**1982 гъэм** Китайм щыпсэуэхэм я бжыгъэр цІыху 1 мелардым щхьэдэхащ.

♦Италием щыщ композитор цІэрыІуэ **Паганини Никколэ** къызэралъхьурэ илъэс 235-рэ ирокъу.

♦Урыс биолог, селекционер цІэрыІуэ, академик **Мичурин Иван** къызэралъхьурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦США-м и 26-нэ президент, Нобель и саугьэтыр зрата **Рузвельт Теодор** къызэралъхьурэ илъэси 159-рэ ирокъу.

♦Совет актёр цІэрыІуэ, режиссёр, СССР-м и цІыхубз артист **Жаров Михаил** къызэралъхьурэ илъэс 118-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Русланов Лидие** къызэралъхьурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, журналист **Къамбий Джэфар** къызэралъхьурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, уэрэджы1акІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист **Караченцов Николай** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей музыкант, саксофонист цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Бутман Игорь** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм фокІадэм и 12-м *Налшык къалэ*
№515-рп

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр псэупІэхэмрэ коммунальнэ ІэхэутхьэбзэхэмкІэ» кьызэгъэпэщыныр «къэрал программэм и Іэхэукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 гъэм мэкъуэуегъуэм и 24-м кьыдигъэкІа унафэ №264-ПП-м ипкъ иткІэ, фэтэр куэд хъу унэхэр яухуэкІэрэ, коммунальнэ теплъэ зиІэхэу фэтэр куэд хъу унэхэр реконструкцэ ящІкІэрэ е псэупІэхэр кьыхуащхькІэрэ абыхэм щыпсэу унагъуэхэр псэупІэ егъэфІэкІуахэмкІэ кьыззгъэпэщынымэ хуэгъэзэа муниципальнэ программэхэр даІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр щІыпІэ бюджетхэм хуаутІыпщынымэ хьыэ хабзэхэм тету коммунальнэ теплъэ иІэу фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэу унагъуэхэр псэупІэ зиІэ егъэфІэкІуахэмкІэ кьызэгъэпэщынымэ хуэгъэзэа муниципальнэ программэхэр даІыгъын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІ субсидиехэр муниципальнэ кьызэгъэпэщынымкІэхэм я бюджетхэм зэрытрагуэшэну щыкІэр кьэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну кьалэн щыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщім и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● Дыгъуасэ

Хьэрычэт Іуэхум дауэ зиужьрэ?

КъБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щекІуэкІащ «КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэмрэ (АСМО КБР) ЩІыпІэ самоуправленэм и урысейпсо советым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ бюромрэ я лІыкІуэхэр зыхэта зэІущІэ.

АБы кьрагъэблэгъат КъБР-м и Іэтащхьэм и администрацэм и унафэщІм и къуэдзэ **Сарбашевэ Светланэ**, КъБР-м и Іэтащхьэм и администрацэм кьэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, кьалэ округхэмрэ районхэмрэ я щІыпІэ Администрацэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ «КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Пэнагуэ Максим**.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Белецкая Ольгэ** зэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм и районхэм щыпсэу зэхэтыщІхэм зрагъэужьын папщІэ щІыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэм я кьалэнхэмрэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэмрэ.

КьаІэта Іуэхум и мыхьэнэр кьыхигъэщу, къэпсэлъам жиІащ иужьрей илъэсхэм щІыналъэм хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ ику итымрэ щІыхухэм ядэІыгъыным жыдэжу зэрыщелэжьыр. 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм щолажьэ псори зэхэту хьэрычэтыщІэ мин 23-рэ 815-рэ, абы щыщу хьэрычэт щІыкІумрэ ику итымрэ хэтыр щІыху мини 5-рэ 386-рэ мэхъу.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащІэ «Экономикэ зыужьыныгъэмрэ абы щІэуэ кьыхьыхьэхэмрэ 2014 - 2020 гъэхэм тещІыхьауэ» кьэрал программэм и «Хьэрычэт цІыкІумрэ ику итымрэ зэрыхьэужьыным и Іуэхукіэ» Іыхьэм кьыщыгъэлъэгъуахэр, - жиІащ Белецкая Ольгэ. - Республикэм щыІэ бизнес-инкубатори 5-м хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ ику итымрэ кьыщыззрагъэпэщ цІыху 74-м. Абыхэм Іэнатіэ 342-рэ кьызэІуахащ. Апхуэдэуи Бахъсэн районым щолажьэ (Урысейм щыяпэу) щрагъаджэ полигон зыхэт мэкъумэш бизнес-инкубатор иныр. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщІэкІынущ, мы гъэм кьыщыщІэдзауэ щыналъэхэм субсидиехэр зыхухахьыныр хьэрычэтыщІэ щхьэхуэхэр зэрымыаларр, атІэ хьэрычэт Іуэху цІыкІуэхэмрэ ику итхэмрэ зегъэужьыным ахъшэр зэрытрагъэкІуэдэнур. 2017 гъэм зи гугъу сщІы Іуэхуэхэм федеральнэ бюджетым хухихащ сом мелуан 52-м нэблагъэ.

Пэнагуэ Максим щІэупщІащ республикэм и районхэм ящыщу сыт хуэдэхэм Іуэхур нэхъ щефІакІуэми. Белецкая Ольгэ кьыхигъэщащ щІыпІэхэм щылажьэ хьэрычэтыщІэхэм я бжыгъэмкІэ хэщІатэмэ, Бахъсэн, Аруан районхэр щапхъэу къэпхъ зэрыхьуныр, Лэскэн, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэр ижь зэкІэ кьызэринэр. «Къэбгъэльагъуэмэ, районхэм я инагъкІи, щыпсэу цІыхухэм я бжыгъэмкІи зыри зэхуэдэкъым. Аращи, хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ ику итымрэ дэтхэнэми зэралъэкІкІэ зрагъэужьыным хущІокъу. Дэ ахэр кьыхудоджэ нэхъ жыджэру кьыддэлэжьэну», - дыщІигъащ Белецкая Ольгэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Бюджет зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэмрэ УФ-м и бюджет кодексымрэ зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ хабзэм и проектым. КъБР-м и АСМО-м и гъэзэщІакІуэ унафэщІ **Маслов Николай** и Іуэху еплъыкІэр кьигъэлъэгъуащ Кърым Республикэм жэпуэгъуэм и 6 - 7-хэм Ипщэ Урысейм и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэщІэзэгъэуІуэ советым и зэІущІэр зэрыщекІуэкІам теухуауэ.

ЗэІущІэм хэтахэм яубзыхуащ муниципальнэ щІыналъэхэм хьэрычэт Іуэхум зыщегъэужьынымкІэ щхьэж и пщэ хъщэхуэ кьалэнхэр. ХьэрычэтыщІэхэм кредит мащІэхэр зэрырат щыкІэм зегъэубгъуныр хэту, Іуэхугъуэ зыбжанэкІэ КъБР-м и Правительствэм зыхуагъэзэну зэгурыІуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Ди къуэш республикэхэм

Ухуэныгъэр зэрекІуэкІым щыгъуазэ зещІ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ Къумпыл Мурат щыІащ Адамей дэт психоневрологие унэ-интернатым. Ухуакіуэхэм абы гуащІыхь сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэхэа унэ. Лэжьыгъэр яублащ мазэ и пэкІэ икІи ирихьэлІэу яухуну я мурадщ.***

ЩІЫНАЛЪЭМ и Іэтащхьэм къыІущІащ Іуэхущіапіэм и унафэщІ Егумэ Мариетрэ АР-м и «Стройзаказчик» къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм и Іэтащхьэ Абрэдж Асльэнрэ. Къумпыл Мурат жиІащ ухуэныгъэм гухаха мыльку тэмэму къагъэсэбэпыну, щІыпІэм и Іэхэльхэр зыхуей хуагъэзэну, щхъуантІагъэхэмкІэ ягъэдахэну. Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Жамбэч Мырзэ пщэрыльэ щищІащ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым тхьэмахуэ къэс зыщигъэгъуэзэну.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, УФ-м и Правительствэм и Унафащі Медведев Дмитрий и унафэкІэ, Урысейм Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІыу республикэм «Адамей психоневрологие унэ-интернат» Іуэхущіапіэм иращыІыпІэну лэжьыгъэм трагъэкІуэдэну республикэм къыІэрыхьащ сом мелуан 35,5-рэ. Республикэм абы дыщІигъужащ сом мелуан 15.

КъШР-м и махуэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Къэрал Думэм жэпуэгъуэм и 23 - 26-хэм щекІуэкІащ Къэрэшей-Шэрджэсым и махуэхэр. Депутатхэр щыгъуэзэ ящІащ республикэм игъуэта зыужьыныгъэм, ирагъэлъэгъуащ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм къыдекІуэкІ я щэнхабзэмрэ - жиІащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.***

«ДИ ЩІЫНАЛЪЭМ дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Урысейм и Къэрал Думэм Къэрэшей-Шэрджэсым и махуэхэр зэрыщекІуэкІар. Ар Іыхьитіу гуэшащэ щытащ. Депутатхэм щыгъуазэ защІыфащ республикэм и щыІэкІэ-псэукІэм, нэгъуэщІ щыпІэм къикІ мылъку хэлъу Іуэху зэфІахэм, зрагъэлъэгъуащ ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ къадекІуэкІ хабзэхэмрэ зыхуэдэр», - къыщигъэлъэгъуащ Темрезов Рашид Instagram-м щиІэ и напэкІуэцІым.

Іэтащхьэм къыхигъэщащ Къэрал Думэм и комитетхэм Къэрэшей-Шэрджэсым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм зэрагъэуэтар, аэрри дяпэкІэ къыдаІыгъыну зэрыщыгъуэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Бахъсэн щІыналъэ

«Террорым дыпэщІэвгъэт!»

«Бахъсэн районым 2016 - 2020 гъэхэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыщымыгъэхъун» муниципальнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ «Террорым дыпэщІэвгъэт!» Іуэхугъуэр иокІуэкІ. Абы хэтщ а щІыпІэм и курыт еджапІэхэм и 9 - 11-нэ классхэм щІэсхэр.

БАХЪСЭН район администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм хъыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, мы Іуэхугъуэ щхьэпэм кьрихьэлІащ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и ялэ къуэдзэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, прокуроры и дэІэпыкъугъуэ Мырзэ Алим, егъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІ Абрэдж Тамарэ, ПДН-мкІэ инспектор Щыхъалы ФатІимэ сымэ. УнэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр - экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къэмыгъэхъунырщ, гущІэгъу, зэхэщІыкІ яхэлъу, хэкупсэу, мамырыщІэкъуу еджакІуэхэр гъэсэнырщ.

- Нобэрей гъащІэм и гугъуехь нэхъыщхьэщ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ. Ахэр щымыгъэІэнымкІэ ІуэхугъуэфІ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр щІэх-щІэхыурэ егъэкІуэкІынырщ, - кьыхигъэщащ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, зэІущІэр кьыщыІэзыйхьэм.

Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъуным теухуа зэхуэсхэр щыІэхэщащ Исльэмей, Къуэлъкъужьи Ипщэ, Къуэлъкъужьи Ищхъэрэ, Кьыщпэк къуажэхэм. Абы ипкъ иткІэ зэпсэльэныгъэхэр екІуэкІащ щІэблэр я шынагъуэхэм демыгъэхьэхыным, террор Іуэхугъуэ къэхъужьыкъуэмэ щІэн хуейхэм ехьэлІауэ. «Терроризм зэрызыщІпхъуэмэнур!» буклетхэр кьрихьэлІахэм хуагъэщащ, видеороликхэр абыхэм ирагъэлъэгъуащ.

ЗэІущІэм хэтахэм «Дэ мамырыгъэм дрителъхьэщ!» флешмоб кьызэрагъэпэщри, шар гъэпщІэкр уафэм драгъэлъэтеящ, мамырыгъэм, гуапагъэм зэрителъхьэр, терроризмэм зэрибийр кьагъэлъагъуэу.

ТЕМЫР Дисанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм фокІадэм и 12-м *Налшык къалэ*
№515-рп

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр псэупІэхэмрэ коммунальнэ ІэхэутхьэбзэхэмкІэ» кьызэгъэпэщыныр «къэрал программэм и Іэхэукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 гъэм мэкъуэуегъуэм и 24-м кьыдигъэкІа унафэ №264-ПП-м ипкъ иткІэ, фэтэр куэд хъу унэхэр яухуэкІэрэ, коммунальнэ теплъэ зиІэхэу фэтэр куэд хъу унэхэр реконструкцэ ящІкІэрэ е псэупІэхэр кьыхуащхькІэрэ абыхэм щыпсэу унагъуэхэр псэупІэ егъэфІэкІуахэмкІэ кьызэгъэпэщынымэ хуэгъэзэа муниципальнэ программэхэр даІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр щІыпІэ бюджетхэм хуаутІыпщынымэ хьыэ хабзэхэм тету коммунальнэ теплъэ иІэу фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэу унагъуэхэр псэупІэ егъэфІэкІуахэмкІэ кьызэгъэпэщынымэ хуэгъэзэа муниципальнэ программэхэр даІыгъын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІ субсидиехэр муниципальнэ кьызэгъэпэщынымкІэхэм я бюджетхэм зэрытрагуэшэну щыкІэр кьэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну кьалэн щыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщім и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гур зэрыкІуэдыкІыр и шэрхъщ.

Ди зэманым и лІыхъужь Къардэн Бубэ

Къардэн Бубэ Мацыкъ и къуэр 1917 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр къиухри, ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал пединститутым урысыбзэмрэ литературэмкІэ иІэ къудамэм. Абы нэІуасэ къыщыхуэхъуа усакІуэ Щоджэнщыкіу Алий и чэнджэщкІэ зэдзэкІакІуэ лэжьыгъэм тегушхуат.

ЩІэныгъэфІ бгъэдэлъу, гугъэшхуэхэр иІэу Къардэн Бубэ еджапІэр къиухат, ауэ лэжьэныр хунэмысу, Хэку зауэшхуэр къэхьейри, езым и лъэІукІэ дзэм хохьэ. Владикавказ дэт лъэсыдзэ училищэм илъэс ныкъуэкІэ щІэсауэ, взводым и командиру зэуапІэм ягъакІуэ. Къардэным и къалэным зэрыхуэІэкІуэлъакІуэм, лІыгъэ зэрыхэлъым гу къыльатэри, ротэм и командир ящІ. 1943 гъэм дзэ Іэщ1агъэхэмкІэ курс нэхъыщхьэр къиухри, абы майор цІэр къыхуагъэфэщащ икІи батальоным и командиру ягъэуващ. Абдежи къыщыщэтеувыІэкъым: Бубэ дзэ Іуэхум зэрыхищІыкІым къыхэкІыу, тактикэмкІэ егъэджакІуэу офицер курсхэм ягъакІуэ.

И псэ емыблэжу, лІыхъужьыгъэ хэлъу фронтым Іута офицер хахуэм зауаем и илъэсхэм къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденитІ, Хэку зауэшхуэ орденым и 2-нэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, медалих.

1945 гъэм и кІэуххэм Бубэ къегъэзэжри, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал пединститутым урысыбзэмкІэ и кафедрэм егъэджакІуэ нэхъыщхьэу лэжьэн щыщІедзэ. ИужьыІуэкІэ а еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэу, итІанэ и унафэщІу лэжьащ. Къыщынэмыщ1ауэ, Къардэныр илъэситІкІэ и тхьэмадзу щытащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Тхакіуэхэм я зэгуэхьныгъэм и правленэм.

1956 гъэм Къардэн Бубэ егъэджакІуэ Іэнатіэм пэроувэж икІи пединститутым, иужькІэ КъБКъУ-м зэрыщылэжьа илъэсхэм абы и кандидат, доктор лэжьыгъэхэр екъуІэныгъэфІхэр иІэу пхеГэкІ, профессор цІэр къыфІащ. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ еджагъэшхуэр а илъэсхэм ещ имыщІэу лэжьащ: щІэблэр зэригъаесэм, зэрыригъаджэм и закъуэ мыхъуу, къуажэ курыт еджапІэхэр зыхуэныкъуэ тхьилъхэр, хрестоматиехэр зэхэлъхьэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр ирегъэкІуэкІ.

Еджагъэшхуэр, офицер хахуэр, зэдзэкІакІуэ Іэзэр 1988 гъэм накъыгъэм и 17-м дунейм ехыжащ, ауэ, шэч хэмылъу, и лэжьыгъэхэмкІэ, и ІуэхущІафэхІэ, и лІыгъэкІэ лъэпкъ тхыдэм зи цІэр къыхэнахэм ящыщщ Къардэн Бубэ.

Къардэн Бубэ и къалэмыпэм къыщІэкІащ ди литературэм и фІыпІэхэм хабжэ художественнэ тхыгъэ купщІафІэ куэд - гъащІэмрэ зэманымрэ я пэжыпІэкІэ гъэнщІа повесткэр, рассказхэр, адыгэбзэм и зэхэлъыкІэм, и ухуэкІэм, и хабзэхэм ятеухуа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр - абыхэм жьыкъэ щагъэІуащ тхакІуэ гущІафІэм, ди бзэм и къэхутакІуэ гъуэзэджэм и цІэр.

ТхакІуэ, щІэныгъэлІ, зауэлІ

КЪАРДЭН Бубэ, псом япэрауэ, адыгэбзэм и Іуэхугъуэхэр куууэ къэзыхута щІэныгъэлІщ, аращ зи жэрдэмыр 1957 гъэм Москва къыщыдэкІа «Урыс-къэбэрдей», «Къэбэрдей-урыс» псалъалъэхэр - абыхэм я мыхьэнэр иджыри къэс нэхъ кІащхъэ хъуакъым. Зи пщІэмрэ зи мыхьэнэмрэ ин дыдэщ Къардэн Бубэ и фразеологие псалъэлъэхэри адыгэбзэм и грамматикэм и Іуэхугъуэ щъхэхуэхэр щызэпкъриха лэжьыгъэхэри.

БзэщІэныгъэм щиІэ фІыщІэм нэхърэ нэхъ мащІэкъым Къардэн Бубэ ди литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпІэри. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ гупсысэ жанкІэ гъэнщІа тхыгъэ дыгъэл куэд - «Сэлэтым и гъэугуанэ», «ЩІэдзапІэ хьэлъэ», «Фронтым адэкІэ» повестхэр; абыхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ «Гуимыхужхэр», «КІыхьщ зауэ гъэзгур», «ЗэхэгъэкІыІп» тхылъхэр, ахэр урысыбзэкІи къыдэкІащ, езы тхакІуэм зэридзэкІыжауэ. Бубэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лІыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта» романхэр, нэгъуэщІ урыс тхакІуэхэми я тхыгъэхэр.

Зи ныбжьыр нобэ илъэс блыщІым, ищІым щІигъуаэхэр школхэм дыщІэст Къардэн Бубэ адыгэ щэнхабзэм, литературэм хуэлажьэу щыщІидзам щыгъуэ. Ди анэдэлъхубзэкІэ ятха художественнэ тхыгъэхэр зэрымащІэм къыхэкІыу (мащІэнтэкъэ - зыгуэр зыхуэзэфІэкІыну диІа тхакІуэхэм я нэхъыбэр зауэм и пэм къриубыдэ илъэс бзаджэхэм щыгъуэ езы папт «дыщэм» эзгриукІэжат, мыдрейхэми я кІалэмыр зауэм яІэщІихат е хэкІуэдат), щІэблэр дызэзырагъаджэ, дагъэдж тхыгъэхэр нэгъуэщІибзэкІэ ятхахэм кьыхахьн хуей хъурт. Арати, «бэм и бий» зыфІамыщу къелахэмрэ зауэм къикІыжахэмрэ лъэпкъ щэнхабзэр, щІэныгъэр кьэІэтыным псэмыбгъэжу иджыри къэс нэхъ кІащхъэ хъуакъым. Зи пщІэмрэ зи мыхьэнэмрэ ин дыдэщ Къардэн Бубэ и литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпІэри. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ гупсысэ жанкІэ гъэнщІа тхыгъэ дыгъэл куэд - «Сэлэтым и гъэугуанэ», «ЩІэдзапІэ хьэлъэ», «Фронтым адэкІэ» повестхэр; абыхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ «Гуимыхужхэр», «КІыхьщ зауэ гъэзгур», «ЗэхэгъэкІыІп» тхылъхэр, ахэр урысыбзэкІи къыдэкІащ, езы тхакІуэм зэридзэкІыжауэ. Бубэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лІыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта» тхыгъэ щІэныгъэхэр, нэгъуэщІ урыс тхакІуэхэми я тхыгъэхэр.

Зи ныбжьыр нобэ илъэс блыщІым, ищІым щІигъуаэхэр школхэм дыщІэст Къардэн Бубэ адыгэ щэнхабзэм, литературэм хуэлажьэу щыщІидзам щыгъуэ. Ди анэдэлъхубзэкІэ ятха художественнэ тхыгъэхэр зэрымащІэм къыхэкІыу (мащІэнтэкъэ - зыгуэр зыхуэзэфІэкІыну диІа тхакІуэхэм я нэхъыбэр зауэм и пэм къриубыдэ илъэс бзаджэхэм щыгъуэ езы папт «дыщэм» эзгриукІэжат, мыдрейхэми я кІалэмыр зауэм яІэщІихат е хэкІуэдат), щІэблэр дызэзырагъаджэ, дагъэдж тхыгъэхэр нэгъуэщІибзэкІэ ятхахэм кьыхахьн хуей хъурт. Арати, «бэм и бий» зыфІамыщу къелахэмрэ зауэм къикІыжахэмрэ лъэпкъ щэнхабзэр, щІэныгъэр кьэІэтыным псэмыбгъэжу иджыри къэс нэхъ кІащхъэ хъуакъым. Зи пщІэмрэ зи мыхьэнэмрэ ин дыдэщ Къардэн Бубэ и литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпІэри. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ гупсысэ жанкІэ гъэнщІа тхыгъэ дыгъэл куэд - «Сэлэтым и гъэугуанэ», «ЩІэдзапІэ хьэлъэ», «Фронтым адэкІэ» повестхэр; абыхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ «Гуимыхужхэр», «КІыхьщ зауэ гъэзгур», «ЗэхэгъэкІыІп» тхылъхэр, ахэр урысыбзэкІи къыдэкІащ, езы тхакІуэм зэридзэкІыжауэ. Бубэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лІыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта» тхыгъэ щІэныгъэхэр, нэгъуэщІ урыс тхакІуэхэми я тхыгъэхэр.

Зи ныбжьыр нобэ илъэс блыщІым, ищІым щІигъуаэхэр школхэм дыщІэст Къардэн Бубэ адыгэ щэнхабзэм, литературэм хуэлажьэу щыщІидзам щыгъуэ. Ди анэдэлъхубзэкІэ ятха художественнэ тхыгъэхэр зэрымащІэм къыхэкІыу (мащІэнтэкъэ - зыгуэр зыхуэзэфІэкІыну диІа тхакІуэхэм я нэхъыбэр зауэм и пэм къриубыдэ илъэс бзаджэхэм щыгъуэ езы папт «дыщэм» эзгриукІэжат, мыдрейхэми я кІалэмыр зауэм яІэщІихат е хэкІуэдат), щІэблэр дызэзырагъаджэ, дагъэдж тхыгъэхэр нэгъуэщІибзэкІэ ятхахэм кьыхахьн хуей хъурт. Арати, «бэм и бий» зыфІамыщу къелахэмрэ зауэм къикІыжахэмрэ лъэпкъ щэнхабзэр, щІэныгъэр кьэІэтыным псэмыбгъэжу иджыри къэс нэхъ кІащхъэ хъуакъым. Зи пщІэмрэ зи мыхьэнэмрэ ин дыдэщ Къардэн Бубэ и литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпІэри. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ гупсысэ жанкІэ гъэнщІа тхыгъэ дыгъэл куэд - «Сэлэтым и гъэугуанэ», «ЩІэдзапІэ хьэлъэ», «Фронтым адэкІэ» повестхэр; абыхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ «Гуимыхужхэр», «КІыхьщ зауэ гъэзгур», «ЗэхэгъэкІыІп» тхылъхэр, ахэр урысыбзэкІи къыдэкІащ, езы тхакІуэм зэридзэкІыжауэ. Бубэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лІыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта» романхэр, нэгъуэщІ урыс тхакІуэхэми я тхыгъэхэр.

Зи ныбжьыр нобэ илъэс блыщІым, ищІым щІигъуаэхэр школхэм дыщІэст Къардэн Бубэ адыгэ щэнхабзэм, литературэм хуэлажьэу щыщІидзам щыгъуэ. Ди анэдэлъхубзэкІэ ятха художественнэ тхыгъэхэр зэрымащІэм къыхэкІыу (мащІэнтэкъэ - зыгуэр зыхуэзэфІэкІыну диІа тхакІуэхэм я нэхъыбэр зауэм и пэм къриубыдэ илъэс бзаджэхэм щыгъуэ езы папт «дыщэм» эзгриукІэжат, мыдрейхэми я кІалэмыр зауэм яІэщІихат е хэкІуэдат), щІэблэр дызэзырагъаджэ, дагъэдж тхыгъэхэр нэгъуэщІибзэкІэ ятхахэм кьыхахьн хуей хъурт. Арати, «бэм и бий» зыфІамыщу къелахэмрэ зауэм къикІыжахэмрэ лъэпкъ щэнхабзэр, щІэныгъэр кьэІэтыным псэмыбгъэжу иджыри къэс нэхъ кІащхъэ хъуакъым. Зи пщІэмрэ зи мыхьэнэмрэ ин дыдэщ Къардэн Бубэ и литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпІэри. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ гупсысэ жанкІэ гъэнщІа тхыгъэ дыгъэл куэд - «Сэлэтым и гъэугуанэ», «ЩІэдзапІэ хьэлъэ», «Фронтым адэкІэ» повестхэр; абыхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ «Гуимыхужхэр», «КІыхьщ зауэ гъэзгур», «ЗэхэгъэкІыІп» тхылъхэр, ахэр урысыбзэкІи къыдэкІащ, езы тхакІуэм зэридзэкІыжауэ. Бубэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ Лермонтов Михаил «Ди зэманым и лІыхъужь», Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта» тхыгъэ щІэныгъэ

къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

Щ1ыхь зыпылъ гъэзгуанэ

Мы гъэм и жэпуэгъуэм илъэси 100 ирокъу къэбэрдей тхакIуэ гъуэзэджэ Къардэн Бубэ къызэралъхурэ. Адыгэ лъэпкъым и бын пэрытым лIыгъэкIэ гъэнщIа гъащIэ гъуэгуанэ гъащIэгъэуэн къикIуащ, ещ имыщIэу псэуху зыхуэзэжьа къыдалъхуахэм ягу, я псэ къыщIинэн, щIыхьэрэ пщIэрэ хуащ1у абы и цIэ лъапIэр щIыззэрахьэн Iуэху телъыдджэхэр абыхэм яхуилэжьащ, и Iэдакъэщ1экI IуэззэджэхэмкIэ лъэпкъ литературэмрэ щIэныгъэмрэ увыпIэ пыуыкIыхэр щиубыдынир хуэзэфIэкIащ. Къэдрэ Iумыщ1ахэм, фIыуэ зыкIыпIэхэм тхIимфэ ирапIэ, псэльэгъуэкI къафIэщ1у щ1ыта щхьэкIэ, тхакIуэр псэ щабэрэ къабзэрэ зиIэ, акъыл жанрэ гушыIэшхуэрэ зыбгъэдэхь, ныбжьэгъуабэм хуэпэж, щ1ауэкIынир арми пэжыр жызIэф, абы сытым щ1агъуи щ1эбэныф адыгэлI щ1ыпкъэу псэуху дунейм тетащ, апхуэдэущ ар и Iыхьлыныбжьэгъуэхэми иригъэжа псоми ягу къызэринар, къэдрэ абы зэрыщагъэфIэнми щэч хэлъхьыж.

Къардэн Бубэ тхэн щыщIидзар пединститутыми и иужьрей курсхэм щыщегъажащ. Езым къиIуэтэжу зэрыщ1тамкIэ, абы ар къыхуэзыгъэшар а илъэсхэм щ1ыхуГъэ зыхуэхъуа Щ0джэнщ1ыкIу Алийд. Зауэм и пэкIэ зэридзэкIа урыс тхыгъэ зырызхэм я гугъу умыщIмэ, лъэпкъ литературэм ягъэ лъэбакъуэхэр абы щ1ыхичар зауэ нэужь илъэсхэрщ. Адрей лъэпкъ тхакIуэхэм къащхьэщ1кIыуи тхэн зэрыщIидзэрэ ар зыхуэпэжыр езыр и щхьэкIэ зыхэта Хэку зауэшхуэрщ, абы и нэгу щыщIэкIаэрщ.

Хэку зауэшхуэм хэта цIыху къэдым я образ зэхуэмыдэхэр Къардэн Бубэ и тхыгъэхэм гукъинэжу щ1ызэфIэгъэуващ. И лIыхъужьхэм языхэзэри къызэригъэлъагъэр, ар зыхуэдэр зищIысыр зэрызэхигъэкIыр хамэ щ1ыпIэ къикIа зэрыпхъуакIуэхэм къыдащ1ыпIа зауэм зэрыхущ1тырщ, и лъахэм и щ1ыхьыр, и щхьэхуитныгъэр зэрихьумэжырщ, бий пащхьэм текIуэныгъэ къыщихьын папщIэ абы и щхьэкIэ илъэжырщ. Сыт хуэдэ лIэщIыгъуэми цIыхум и пэжагъыр, и фIагъыр къызэрапщытэр ар и адэжь щ1ынальэм зэрыхущ1ытырщ, лъагъуныгъэ абы хуиIэрщ, Iуэху щхьэпэ хуилэжьырщ.

Къардэн Бубэ и повесть зыбжанэм щ1ызэфIэгъэуващ хэкуа къыщхьэщ1ыж, абы и щхьэхуитныгъэр хьумэжыныр зи ГащIэ кIуэр псэ щабэрэ къабзэрэ зиIэ, акъыл жанрэ гушыIэшхуэрэ зыбгъэдэхь, ныбжьэгъуэхэм зэпхьэдэжа псоми ягу къызэринар, къэдрэ абы зэрыщагъэфIэнми щэч хэлъхьыж.

Къардэн Бубэ тхэн щыщIидзар пединститутыми и иужьрей курсхэм щыщегъажащ. Езым къиIуэтэжу зэрыщ1тамкIэ, абы ар къыхуэзыгъэшар а илъэсхэм щ1ыхуГъэ зыхуэхъуа Щ0джэнщ1ыкIу Алийд. Зауэм и пэкIэ зэридзэкIа урыс тхыгъэ зырызхэм я гугъу умыщIмэ, лъэпкъ литературэм ягъэ лъэбакъуэ гугъуэрщ. Хэкум, абы и щ1ыхуэхэм я дежкIэ тынщакъым зауэм и пэщIэдзэр, хьиим икIа бий хьэщхьэрыIуэ къызыфIэщ1ыжам пэрыуэнщэу лъахэм и щ1ыпIэ кудыр щ1ифыда махуэ псэзэпытхьэпIэхэр. Ауэ щ1ыхуэхэм я гур мащIэ-мащIэуэр къызэрогъуэтыжк, зэуэкIэм и щхьэкIэхэрщ. Хэкум, абы и щ1ыхуэхэм я дежкIэ тынщакъым зауэм и пэщIэдзэр, хьиим икIа бий хьэщхьэрыIуэ къызыфIэщ1ыжам пэрыуэнщэу лъахэм и щ1ыпIэ кудыр щ1ифыда махуэ псэзэпытхьэпIэхэр. Ауэ щ1ыхуэхэм я гур мащIэ-мащIэуэр къызэрогъуэтыжк, зэуэкIэм и щхьэкIэхэрщ. Къардэн Бубэ и тхыгъэхэмэ сытым щ1агъуи ар щ1ызэгъэльаIэ, а Iуэху еплъыкIэ тэмэмым тетщ. Лъэпкъ зэщхьэгъэм ар зэрыкуэгъжым и щ1ыхьэту къэпхъ хьунуц тхакIуэм и кIалэмыгъэм къыщ1экIаэху «Комбат», «ГеоргийЛикос» повестхэр. Япэрей и Iэдакъэщ1экIхэм къыщхьэщ1ыкIыу мы тхыгъэхэм гъэщIэгъэунэгъэ гъэрхэр ящ1ыбольагъу.

Къардэн Бубэ Хэку зауэшхуэм рассказ зыбжанэ триухуащ. Абыхэм я нэхьыбэм лъабжьэ яхуэхьуар езы тхакIуэм и нэгу щ1экIаэрщ е нэгъуэщ1эм кьыхуаIэтэжаэрщ. И повестхэми ещхьу, абыхэми егъэлеиныгъэ яхэлъхьэм, къыщыгъэлъэгъуар гъащIэм и пэжырщ, щ1ыпIэ нэхъ и щ1ыпхьыдыри ауэ къызэрыгъэкI щ1ыхуэ и лъахэм, къызэыхкIа и лъэпкъым къулыкъу нэс хуищ1эрщ, лIыгъэ, хьэлщэн къекIу, щ1ыхьугъэ лъагэ а зэман хьэлъэхэм абыхэм гъащ1ыгъэуагъэрщ. Абыхэм ящ1ыщу нэхъ гукъинэжхэр «Насыпныншагъэ», «Жащ разведкэ», «ЗэхэгъэкIыпIэ», «ГуфIэгъуэ зэIущIэ» рассказхэрщ.

Акъыл кууклэ, зэфIэкI инэхэмкIэ Тхьэр зыхуэупса Къардэн Бубэ гъащIэм къалэн зэхуэмыдэ куэд щ1ебэзэщ1ащи, абыхэм я гугъу умыщ1ныныр къэзыгъэкIыжыкъым. Илъэс 40-м щIиГукIэ ар егъэджакIуэу пединститутымрэ университетымрэ щ1ылэжьащ, абы щ1эныгъэ куу зрита, гъэугу тэмэм тригъэуВа куэд нобэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытщ. И зэманым щ1тхъу хуамыгъэшами, цIэ лъапIэхэр къызыамыгъэфэщами, Къардэным ехьлIэныгъэфIэр иIэу кандидат, доктор диссертацэхэр пхигъэкIащ.

Зыхиулъхэ щ1ымыIэу псэкIэ илъагъу и хэкумрэ и лъэпкъымрэ илъэс щэ ныкъуэм щIиГукIэ ещ имыщIэу, и кIарурэ и зэфIэкIрэ емыблэжу хуэлэжьащ Къардэн Бубэ. И лъахэр псэзэпытхьэпIэм щ1ихуэм абы япэу къыщхьэщ1ыжкъэхэм ар яхэтащ, абы и щхьэхуитныгъэр пщIэрэ щ1ыхьрэ иIэу ихьуащ, а зыхэта зауаем и щ1ытыкIэ пэжыр Iэзэгъыщхуэ хэлъу и тхыгъэхэм къыщригъэльэгъуащ, анэдэлъхубзэм лъэпкъ щIэныгъэм я зыужьныныгъэм, къэхъу щ1ыблэпIэм щIэныгъэ нэс етыным, ар гъэсэным и гъащIэ псор щхьэузыхь хуищIащ. Абыхэм языхэзми папщIэ, Къардэн Бубэ къэдальхуахэм я фIыщIэрэ щ1ытхъэрэ кьелэжь. Ар абы икIи хуэфащ1эщ. Аращ адыгэ литературэм, щ1эныгъэм, щэнхабзэм абы уВыпIэ лъагэ щ1ыщ1ыпысри, а щ1ыхь телъыджэм и Iэхуэщ1афэ къэлэмэтэхэр нобэ дигу къыщ1эдгъэкIыжри, кьэхъу щ1эблэщ1эм ар нэхъыфIу яцIыхумэ, дыщ1ыгуапэри.

ХЬЭКIУАЩ1Э Андрей,
филологие щ1эныгъэхэм я доктор.

Зауэм къыдыхэта Белоцерковский Филипп щыгъуу.

Бзэм и лIыщIэ

Сэ 1949 гъэм пединститутым сыщ1ыщ1этIысхьам щыгъуэ, Бубэ унафэщI къулыкъур игъэзащIэу си тхыльхэм Iэ къытридзауэ щытащ. Иужьк1э, илъэс 30-м щIигъукIэ, урысыбзэ кафедрэм дыщ1ыбзэдэлэжьащ. Уеблэмэ доктор лэжьыгъэр щ1ыдгъэхьэзырми, Москва дыщ1ыпсэуар зы фэтэрщ, Къищынэмыщ1ауэ, профессор цIэ лъапIэри къыщ1ыхуагъэфащ1эр зы зэманщ (1978 гъэм).

Бубэ и доктор лэжьыгъэр адыгэ псалъэжьхэм теухуат. Дэ, ГьукIэмыхьу Аубэчыр ди гъусэу, 1964 гъэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым адыгэ псалъэжьу зэхуихьэсар урысыбзэкIэ зэддзэкIат. Абдежщ Бубэ и диссертацэр зытриухуэнур къыщ1ыхиарри. А лэжьыгъэм Къардэныр дихьэхри, «Кабардино-русский фразеологический словарь» тхылъыр къыдигъэкIауэ щытащ 1968 гъэм. «Из кабардинской афористики» зыфIэсщIа си Iыхьэри 1999 гъэм дунейм кьытехьащ.

КъыхэзгъэщIапхъэщ, мы зи гугъу тщIа лэжьыгъэм и пэ къихуэу Бубэ урыс-адыгэ псалъалъэ зыбжанэ къыдигъэкIат, еджакIуэхэм яхуэгъэзащ.

Къардэн Бубэ пщIэ зиIэ прозаикыу зэрыщытам щ1ыхьэт тохъуэ ар 1954 - 1956 гъэхэм ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу зэрылэжьар.

Бубэ фIэлIыкI зиIэ цIыхуу, пщIэ зыхуащI Iэщ1агъэлIу щытащ. ЦIыхугъэ зыхэмылъхэр, зи Iуэху нэгъэсауэ зымыгъэзащ1эхэр фIыуэ илъагъуртэкъым абы. Ар студентхэм ящ1эрти, бэлэрыгъэтхьэм.

Си ныбжьэгъур Iуэлэс куэдкIэ щыпэжьа кафедрэм, урысыбзэ къудамэм нэмыщIкIэ, къэбэрдей, балъкъэрыбзэхэмкIи егъэджакIуэ игъэхьэзыру щытащ. Абы къыхэкIкIэ, кафедрэм и цIэр сэ Iуэху сщIыри, «кафедра русского языка и общего языкознания» жиIэу зэгъэхъэжат. Абы щ1ыгъуэ «Урыс-адыгэ», «урыс-балъкъэр» къудамэхэр диIащ. Кафедрэм и цIэр зэрытхъэжам къыхэкIыу, бзэр зымыщIэхэмкIэ Бубэ и лекцэхэр щхьэпэ хъуат. Абы къызэринэкIа лэжьыгъэр иджырей еджакIуэхэм, студентхэм, егъэджакIуэхэм къагъэсэбэп. Аращ тхыдэм къыхэнэжьи жыхуиIэри, дэтхэнэ зы щ1эныгъэрылажьэр зыщIэхъуэспри.

КIУЭКIУЭ Жэмалдин,
бзэ щ1эныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

● Быным и псалъэ

Си адэм и дунеишхуэр

Си адэм и Iуэхущ1афэкIэ, дэзм щ1ызэрихьа лIыгъэмкIэ, щIэныгъэм къыхина лъэужьымкIэ куэдым и цIэр яцIыху, ар зыдэIэпыкъуа, зызыщIигъэкъуа-хэм ягу къинащ. Ар, дауи, гуапэ пщ1ымыхъуу къанэркъым. Ауэ нобэр къыздэсым куэдым ящIэркъым сыт хуэдэ быну, къуэшу, щхьэгъусэу, адэу ар щытами. Сыту жыIэмэ, Бубэ цIыху зэкIуэщIыльт, щ1хут, псэльэрейтэкъым, зэпIэзэрытти, и Iэщ1агъэ-щIэныгъэ мыхьумэ, абы и гум щигъафIэм зыри щыгъуазэртэкъым.

ЗЭ IУПЛЪЭГЪУЭКIэ си адэм хуэбгъэсщэнутэкъым апхуэдизэ зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ бгъэдэлъу. Ар цIыкIут, Iэмащ1алъэмащ1эти, умыщIыжмэ къыпхуэщIэнутэкъым апхуэдизу зи цIэр зыгъэIуа Къардэн Бубэр арауэ. И щ1ыбагъкIэ «Бубэ цIыкIу» жаIэрт цIыхухэм.

Ди адэм зэрыщ1ыкIурэ хабээшхуэ хэлъу, и адэ-анэм пщIэ яхуищIу, нэхъыжьхэр илъытэу, нэхъыщIэхэр къыдэлъытейуэ къэтэджащ. Адыгэ хабзэр ди лъым хэт, анэ быдзышэм щ1ыгъуу зыщIэзыша цIыхут ар. И щ1ытыкIэкIи, хьэл-щэнкIи, псэльэкIэкIи, гупсысэкIэкIи адыгэлI нэс жьыхуаIэм хуэдэт. Жьыгир лъэхъыцкIэ щIым зэрызыхиубгъуэм хуэдэу, лъэпкъымрэ хабзэмрэ и лъынтхуэм щ1ыезэжрт, гурэ псэкIэ хуэпэжт. Дауи, дэтхэнэ быним и адэ-анэм хуэдэ дунейм темыту къыщохъуж, ауэ сэ быным и плъэкIэ мыхъуу, нэгъуэщIынэкIэ сроплъэж си адэм и гъащIэмэ, зэпIэзэрыт жьыхуаIэм хуэдэ цIыхуу зэрыщытар къызгуроIуэ. Ар ямылейуэ псэльэнтэкъым, ныкъужьэнутэкъым, игъащIэкIи тхъэусыхэу, зыгуэр игу иримыхьазыр, и жагъуэ хъуаеу зыкъуигъащIэнутэкъым. Ауэ псоми быдзу тщIэрт, къыдгурымыIуэIамэ, Iуэхур зэхэзэрыхьамэ, чэнджащ, унафэ, дэIэпыкъуэгъу дыхуэныкъуэмэ, Бубэ жеIэн зэрыхуейр. Сыт ирехъуи, ар зыпэмыльащIнрэ имыгъэзэкIуэжьнрэ щ1ыIэтэкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъуэм, и зыIэтыгъуэм, еджапIэхэр къыщ1ызэрагъэпэщ зэманым халъхуат ар, икIи еджэныгъэм и гур хуэкъабзэу къыщIэкIащ. Си адэшхуэ-анэшхуэр къызэрыгъэкI цIыхуу щ1ытами, абыхэм пасэу гу лъатащ я къуэ нэхъыжым зэфIэкI гуэрхэр зэрихьэлIыр, еджапIэ щ1агъэтIысхъэфатэмэ, зэреджэфынур. Унагъуэшхуэр зыхуей хуэгъэзэн хуейми, Бубэ къищынэмыщIауэ, иджыри бийх яIэми, си адэр Псыхуабэ еджапIэм щ1ыщIагъэтIысхьащ. Зэрагугъауэ, щIэныгъэщIэкъуу къыщIэкIащ я бын пажэр. Апхуэдэу, урысыбзэм хуэIэзэу къыгъэзэжащ ди адэм. Дауи, лжжыгъэ къыхуагъуэтащ арыхъэу, ауэ ищIэнуми и къарур здынэсыр игъэлъэгъуэнуи хунэмысу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, абы кIуащ. Сэ абы щ1агъуэ илъэс ныкъуэ сыхъуу арат.

Си адэ-анэр щIалэу дыдэу зэрыщIат, Тlури еджаэу, Iэщ1агъэ-щIэныгъэ я бгъэдэлъу зэрихьлIэжахэт. Бубэ зауэм зыкъыз1эрыщIгъэлъэгъуамрэ абы лIыгъэу щ1ызэрихьамрэ я гугъу сщIынкIэм, абы куэд тепсэлъыхьащ. Ауэ сигу къзэгъэкIыжынут зауэ нэужьми си адэм цIыху куэд къхуэхтэху зэрыщIтар. Ажалым къыIэщиха, уаем къригъэла, фочышэм къыпэщIиха сэлэтхэм зыгуэрурэ и цIэ-унэцIэр къащIауэ фIыщIэ къыхуащIу къатхэрт.

Папэ зауэм и нэгу щIыщIэкIам тепсэлъыхьыну фIэфIтэкъым, уеблэмэ, зи и гугъу ищIыхэртэкъым. Ауэ ар къыззрефыкIым и щхьэтт тхэн зэрыщигъэтыжар. Пэжщ, зауэ нэужьым 1946 - 1947 гъэхэм абы щIидзащ «Урыс-къэбэрдей псалъалъэр» зэхигъэувэн, къищынэмыщIауэ, тхыгъэ куэд зэридзэкIырт, езым и щIэныгъэм хигъахъуэрт, куэдым ядэIэпыкъурт, ауэ езым и гум илъыр, и щхьэм хэкIар лъэныкъуэкIэ иригъэза хуэдэт. И ныбжьыр хэкIуэта, кIуэцIкIэ игъэв дыркъуэхэм я узыр нэхъ нэужьщ тхэн щыщIидзэжауэ щытар, зауэм щIильэгъуар итхьж щхьэхуар.

Ди адэ-анэр щеджакIэ, щIэныгъэ щабэгъэлъкIэ, дауи, дэтэн я лъагъуэм щ1ыдгъэтемыкIынутэкъым наIуэт. Апхуэдэу, сэри си дэлъхуитIри щIэныгъэмкIэ дыунэтIащ: сэ математикэ щIэныгъэхэм я кандидат сыхъуащ, КъБКъУ-м илъэс 50-м щIигъукIэ сыщ1ыгъэжащ.

Папэ илъэс 70 хьууэ дунейм ехьжауэ щытащ. Ар гуауэшхуэ тщIыхъуат, щIэныгъэмкIэ, кьыдгурыIуэртэкъым апхуэдэ гъэзэгъуэр напIэзэIупIэм къыззрытхуепсыхар. Илъ махуэм еджапIэм щ1ыIат, студентхэм ядэлажьэу, дерсхэр иригъэкIуэкIыу, узынишэу дэтащ. ЖьыпIэнутэкъэ, зэфIэту лIащ, жьыхуаIэм хуэдэщ. Пыхуэсыху иIэти, дохутыным хуитха хущхъуэ гуэрхэр къэсщэхуауэ, етхьэлIэн щ1эддзэн хуейуэ, къыптехуэри тфIэкIуэдащ. Ар зэрыплIыкIыр зэ къеуэу сымэджа-къым. Арат зыри къыщ1ыдгурымыIуэр. Папэ зыщ1ыскъыхьэкъым. Си щхьэ, си ныбэ, си Iуэху жиIэу ягъэ зригъэщ1ынутэкъым, зыгуэрым лъэIукIэ зыбжыхуиIэзэмэ. Зи ныбжьыр ящ1ыдгъэувэ траухуащи, а Iэхуэхэр къыптпэщ1ылъ. Къищынэмыщ1ауэ, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм къыщ1эзэрагъэпэщащ ди адэм и тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр. СызэригугъэмкIэ, кьыпэжащ ар абы.

КъАРДЭН Бубэ ипхъу Тамарэ,
математикэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент.

Напэкlуэцlхэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

КЪАРДЭН Бубэ

Насыпныншагъэ

Рассказ

ЗАУЭ БЗАДЖЭР илъэс етIуанэ хьуащи йокIуэкI. Щ1ыхьрабгъу зимыIэ бийр, - абы езым зыхуигъэувыжауэ щ1ыта къалэныр къемыхьулIа щхьэкIэ, - къуэкIыпIэмкIэ йоIэ, совет цIыхухэр лъэгуажьэмыщхьэу игъуэвын мурадыр иIэу. Хьэуэ, мыяз-мыпIэу абы щ1ыта техуащи, и сэлэт лъыпс куэд зыщ1ита щ1ыпIэхэр лъэмыкIыу имыутIыпщ1ыжу хъуакъым.

Донбасс гъатхэр мы гъэм, сыт щ1агъуи хуэмыдэу, псэр дзэзыхьэ зэмант: май мазэр, мы щ1ыпIэ гъуабжэм хуумыгъэфэщэну, зэщIэнщIыпщIэрт: удзыр уэру кьызэщIэуват, пхъэщхьэмыщхьэ жьыгжэр плъыфэ зэмыфэгъуэу зэщIэгъэзгъати, нэми псэкIэ кьедэжащIэрт, псэр игъалхъэрт. ЗэкIэ биитI зэпэщIэтыр -«зэрызэпIэскIу» щ1агъуэ щ1ыпIэкъым: «жащIэ зыр адрейм «кIэщIэдыгъуэну» - «бзэгу» кьыфIихьыну - хэтт, махуэкIэ, апхуэдэ къабзэу, зыр адрейм епIыакIуэрт. Зэкъуэхуауэ жьIурылэл гуэр фоч гъаазэм къиубыдакъэ - зэфIэкIат!

Майм и кум топышэхэмрэ лъагъымхэмрэ я мэ бзаджэр, я Iугъуэр гъатхэ хьэуам напIэзыпIэм хэзэрыгуащ: ди дзэ гупышхуэхэм зыкъаIэтащ, Харьков лъэныкъуэкIэ яунэтIу. Махуэ зыбжанэ мэхъу дыдейхэм ебгъэрыкIуэн зэрыщ1адзэрэ.

- Николай Матвееви, мыр дауэ? Дэ Харьков дынэсыным километр зыбгъупщI фIэкI дэмыпIыжыу жаIэ...

- Нытlэ сыт...

- Зи сытри?.. Ди бгъуитIымкIи зауэ макъыр кьоIу... Уеблэмэ ди щ1ыбагъымкIи апхуэдэу кьысфIощI! - аргуэру хуэмышэчу мэупщIэ Борэн Бэч.

- Ярэби, Борэн, сэ сыкомандармэу кьыумыпIыпщIу пIэрэ уэ? - мыарэзыщу жеIэ сержант Богачук, отделенэм и командир, лIы нэщхъ зэхэлъыж.

- Кьысхуэзгъэгъу, ныбжьэгъу сержант... - Старшэ сержанткъым - сержантщ, зауэлI Борэн.

- Кьысхуэзгъэгъу, ныбжьэгъу сержант!

Абдежым а тIуми я псалъэмакъыр, цIыхуитI-щы зыщIэдэIур, зэпоу. Пэж дыдэр жьIпIэнымэ, зауэлIхэм я псэкIэ зыхащIэрт Iуэхур зэрыкуеижар. ТхьэмахуитI иримыкIыж километрищэм нэс зауэ гуащIэм хэтурэ, гъэугуанэ хьэлъэ зэзыпэщIа ди дзэхэр иджыдж зэрыщIэувыIауэ къэпIлъитэ хъунут. Хьэуэ, къызэтеувыIэ мыхъуу, ахэр ежьи къиувыхьат, нэхъ пэ ищу Харьков къалэ и Iэшэлъашэхэм нэса гупыр нэмыщIэм пиудри.

Командир нэхъыщхьэхэр, жей-зыгъэпэскIу ямыIэу, пщэдей къапэщытыни егупсысырт. Е6лыщIанэ полкым и командирхэр Iуэн нэкIуэкъутэм псэууэ къэхэнэжа пэшыпхуэм щ1ызэхэт. Абджи рами зыхэмылъыж щхьэгъубжэм плащ-палаткэр Iупхъуащ, уэздыгъэнэфми пщ1 кIуэцIыр нэщхъейуэ кьеГъэнэху.

- АтIэ, комиссар, сыт тщIэнур? - зи жьакIагъуэр зэщIэкIа подполковникыр, полкым и командирыр, йоупщI батальоннэ комиссар дамыгъэ зыхэлъ лIыкъм.

- Къарум кьихьыжу дыззэунщ, Дмитрий Архипович. Ауэ, сэ къызэрыслъытэмкIэ, зауэлIхэм псоми ящIэн хуейщ Iуэхур зыIут дыдэр - дыкъызэрагъвыхьар, дыдейхэр кьыддэIэпыкъункIэ гугъанIэ зэрыщ1ымыIэр.

- Сыарэзыщ, ауэ гугъапIэ щ1ыкъым жьыхуэпIэмкIэ сыакъыплэгъукъым. Пэжщ, суткIитIым щIигъащ штаб кьхъыщхьэмрэ дэрэ ди зэпыщIэныгъэр кьызэрызэпыудрэ.

Иужьым комбатхэр кьриджэрэ, подполковникым хуэфащэ унафэ яхуищIащ, комиссарми батальонхэм щ1ыз политлэжьакIуэхэм къалэн пыухыкIа я пщэ ирилъхащ.

Гъатхэ жэщ мазэхэр и кIэм нос, нэхулъэри къызэкIэщIитхъыу щIедзэ. Иджы командирхэми зауэлI кьызэрыгуэкIэми ящIэрт я Iуэхур зыIутыр. Политрукыр ротэм къахэпсэлъыхьа нэужь, отделенэм и командирым макъ хэмыIэтыкIа, макъ дэгукIэ жеIэ:

- Борэн, иджы гурыIуэгъуэ?

- ГурыIуэгъуэщ, ныбжьэгъу командир.

- Нэху щащ... Фриц кьежьэркъымиу... - зыми зыхуимыгъазэ хуэдэу кьежььэдоIкI Борэныи.

- Пщэдджьыжьышхэ ещI, - кьыпедзыж пулемёт псынщIэм бгъэдзэсу абдеж кьыщыщыс щIалэщIэ цIыкIум. Пытхэ дыщIэр кьужьыпIэмкIэ уэгу ергъэзыжам кьитIысхьэ кьудейуэ, кьухъухьатэ зыщ1ыпIл - ахэр истребитель хьэлъэхэт - къащхьэщ1ыхэри, бжьыгъэнщэу тхьылъымпIэ тхьэмпэхэр кърапхъыхри, апхуэдэ къабзэуи бзэжьыкащ. Дакъикъэ зыщ1ыпIл фIэкIа дэмыкIыу бийм и радиоустановкэ пъэщхэр макъ гъуму кьызэщIэгъэуэгъуащ, урыс псалъэхэр Iупщ1у зэхэпхьу:

- ПIалъэ имыIэу зыкъэфт! Иджыпсту, дакъикъэ щэщIым кьурибыдыгу, фыкьэтэджэрэ Iэщэнщэу, фи Iэр Iэтауэ фыкъемыжьэзмэ... - А псалъэ зыбжанэр иухри, ихъуреягъкIэ топышэхэм зэхатIыкъа губгъуэ нэщхьейр аргуэру макъыншэ дыдэ кьэхъужащ...

Дыдейхэр щысщ, бийм и кьежьэным пэплъэу. Хьэуэ, а губгъуэ захуэр кьэдрэ Iэуэльауэзэншэу щытакъым. КъызэщIэгъэуэгъуащ бийм и топхэмрэ миномётхэмрэ, кьызэщIыж кьежьащ танк псынщIэхэмрэ бронетранспортёрхэмрэ. Абыхэм я ужь итщ автоматчикхэр, я IащхьэкIэ дагъэдзэжрэзэ ящ1ыкъуэ, нэхъыбэр щхэпщIэхэщ. «Зыри кьафIэмыIуэху хуэдэ, зыплIыхьакIуэ кьежьа хуэдэ, кьоIуу... - игукIэ жеIэ пулемётым бгъэдзэ зауэлI щIалэм. - Хьэуэ, фриц, дэ иджыри диIэщ уи джабэм дыззреуэн...»

- По фашистской сволочи огонь! - командир макъ пъэщ кьоIури, зауэ гуащIэр бетэмалу зэщIоНэ: зызыхъумэжжэм Iэщ1у яIэр псори зэдоуэ. Мес танк псынщIэхэу щы танк зэрагъэзэ птулъкIэхэмкIэ ягъэсауэ, Iуг1уейр хуэмурэ занщIэу уэгум докIуей - нобэ жьы мащIэ тIэкIуи кьепщэртэкъым.

- Атакэм зыхуэзгъэхьэзыр! Атакэм зыхуэгъэхьэзыр! - псоми зэхах а командэр.

Полкым и командир подполковникымрэ комиссарымрэ япэ иту, псоми зыкъаIэтри ятегуплIащ гъунэгъу дыдэу ди окопэхэм кьызыбгъдыхьа нэмыцэ щэ бжьыгъэ куэдхэм. Iэпщщ1ыбанэ зауэр щIелэкIэкIащ топышэхэм уIэгъэ ящIа губгъуэм, щеКIуэкIащ сыхьэтитI енкIэ. Пщ1ыхьэщхьэхуэкIуэ нэсауэ, аргуэру зэ кьежьащ бийр. Нышэдибэ хуэдэ кьабзэу, аргуэру контратакэ жьыхуаIэм Борэныр зыхэт полкри нэгъэщI дзэ гупхэри кIуащ. Зауэм и гуащIэгъэуэ дыдэу, епщэфыIэри зэпщэфыIэри пхузэжьмыхужьи жьыхуаIэм хуэдэу, дунейр мафIэ лыгъейм ес жьпIэну, Борэным кIий макъ зэхех:

- Бэч!

- Чэрим!

Адэкlэ-мыдэкlэ шэхэр пIэнкI щхьэкIэ къэмынэу, гранатэхэр къызэрычэхэу, а тIур - зы адэ-анэ кьалъхуа зэкъуэшитIыр! - шокъу жиIэу зэIууэри, Iэплъэ зэрашэкIащ, бетэмалуи, адрей зауэлIхэм хуэдэу, зэгъусэу япэкIэ задзащ, нэмыцэ икIуэтыжхэм кIэлIыплъэху. Дыдейхэми я окопэ зэхэвыхьахэмкIэ кьагъэзэжащэ къыщыкIуэжьым, нэмыцэ лагъым хьэлъэхэр къызэдехуэхьу щIедзэри, и кьуэшым илъагъуу, Борэн Чэрим мэджалэ. Бэчым и кьуэшыр щIытIым кьежьэри иregъэтIылъэх...

Пшапэр зэхэуа нэужь, комиссарым комбатхэр ириджащ. Пэжыр жьпIэнымэ, полк псом зы комбатт псэууэ кьэнар, адрей тIур уIыгъэ щIыхьат нобэрей зауэм. Абыхэм я пIэкIэ нэгъуэщI командирхэр кьекIуэлIащ полкым и штабым.

- Ныбжьэгъуэхэ, - жеIэ комиссарым, зи Iэ ижьыр пха батальоннэ 93 комиссарым, - ди полковой командирыр уIэгъэ хьэлъэщ, штабым и начальникыр яуклащ... Фэри зэрыфщIэщи, мащIэ дыдэ дыхьуащ. Псори дызэхэту цIыху щитIрэ щэ ныкъуэрэщ дызэрыхъужыр. Абы нымыщIауэ, ди гъунэгъу полкым щыщу цIыху щэ ныкъуэ хуэдиз - аращ псэууэ кэнар - зэтшIалащ. Фочышэ зыуахэм нэмыцэ автоматэхэр кьырегъэсэбэп. Иджы фэ кьыжьыфIэ, дауэ тщIымэ нэхъыфI?

- Ди псэ пытыху дызэузэнщ, ныбжьэгъу комиссар. ХэкIыпIэ пъэпкъ зэрыдимыIэр зауэлIхэм псоми хьэкъыу кьыдгуроIуэ, - жеIэ комбатым и кьалэныр зыгъэзащIэ щIалэщIэ дыдэм. Апхуэдэ кьабзэу адрей командирхэри кIэщIу кьэпсэльащ.

- Берычэт бесын, ныбжьэгъухэ! - хуабагъэ ин зыщ1ьыпIа макъкIэ жеIэ комиссарым. - Ди зауэлIхэм я лIыхъужьыгъэр ди Хэкум щ1ыгупщэкъым. АтIэ, ныбжьэгъуэ, хъумакIуэ вгъэуари, цIыхухэм зевгъэгъэпсэху, Iэмал зэриIэкIэ. Лейтенант, сержант Богачукрэ нэгъуэщI зауэлI гуэррэ кьысхуэгъэкIуэт.

- Сынодаiуэ, ныбжьэгъу батальоннэ комиссар!

Дакъикъэ бжьыгъэ фIэкIа дэмыкIыу, комиссарым и пащхьэ кьиуващ Богачукрэ Борэнымрэ. Комиссарым фIыуэ ицIыхурт Богачукыр. Ар ротэм и парторгт, 1920 гъэ лъандэрэ партым хэтт. А тIум зыр лIы фIыщIэ хащIыхьат, и щхьэц фIыщIэ Iувым фIыуэ тхъугъэ хидзауэ. Комиссарым мыдрей щIалэрат зэпиплъыхьыр. Гуэщ зэхэкъутар мынэху щхьэкIэ, абы еплъым игукIэ жеIэ: «Сытуи кьекIу мы щIалэ лантIэр. Байрон хуэдэу дахэщ. Нэгу зэлъыIухащ...».

Иужьым комиссарыр кIэщIу пкъыпущIыхьащ адыгэ щIалэм, ар къыщIалъхуа, и лъэпкъ, и щIэныгъэ сыт ельытакIэ.

- АтIэ, Николай Матвеевич, сэ укъыщIэджар Iуэхущхуэщ, икъуэкIэ Iуэхущхуэщ. Мы щIалэр уэ кьыщыщхэхьакIэ, абы сыткIи уи дзыхь ебгъэз хъуну кьыщIэкIынщ.

- Абы шэх хэлъхъыж, Василий Иннокентиевич.

- Ди полк бэракъэхьэр нобэрей зауэм хэкIуэдащ. Уэ бэракъэхьэу, мы щIалэр уи къуэдзэу, фызогъэуф.

- СыноданIэ, ныбжьэгъу комиссар! - сыкъ жиIэу кьызэфIэуващ Богачук, апхуэдэ кьабзэу Борэнри кьыщ1ытэрри къэуващ.

- Фщ1ыбзащ1ынукъым - пщэдей зауэм дыкъелыну кьыщIэкIынукъым, ауэ, шэч къытесхьэркъым, ди полкым и зауэлIхэм, сыт щIыгуи хуэдэу, икIэм нэс я кьаIэращ ягъэззэщIэнщ. Полкым и бэракъыр фи анэмэтщ. Фи псэр Iутыкъу, фэ жэуап фхьынущ ныбжьэгъуэкIэ. Сыти фщIэ, пщэдей зауэм и ужькIэ, ди бэракъыр хъумауэ штаб нэхъыщхьэм нэфхьэсын хуейщ!

- ГурыIуэгъуащ, ныбжьэгъу комиссар! - зыжьэу жэуап кьат зауэлIитIми.

Комиссарым зэрыжиIам хуэдэу, етIуанэ махуэм екIуэкIа лъыпс зауэм полкыр зэрыщыту хэкIуэдащ, псэ пыту зы зауэлIым бийм и пащхьэ Iэ щимыIэту. Бийми а и текIуэныгъэм уасэшхуэ щIитащ - щэ бжьыгъэ куэд хуэ сэлэтхэр хилъхьащ. Василькэ-кэкIэ зэджэ кьуажэ цIыкIур апхуэдизкIэ зэхэкъутати, ущIэс хъуну унитIи дэтыжтэкъым.

Махуэ зыбжанэкIэ зауэ гуащIэр мыбдеж дыдэм щекIуэкIати, а жьлэм псэ Iуту зы цIыху дэсыжтэкъым: яу

ЗэфIэкIыжхуэ зыбгъэдэлъ Джэрыджэ Арсен

● Пшыхьхэр

Дау Марьянэ Джэрыджэ Арсен йохъуэхъу.

Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм пшыхь гуапэ иджыблагъэ щекlуэкlащ. Ар ирагъэхьэлlащ усакlуэ, журналист цlэрыlуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм адыгэбзэкlэ къыщыдэкl тхылъхэм я редактор Джэрыджэ Арсен и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуам. Зэхьхьэр къыззрагъэпэщащ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщl Мамий Заретэрэ абы и къуэдзэ Балэ Людмилэрэ.

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен и лэжьэгъуэхэм, и ныбжьэгъуэхэм, Кэнжэ къуажэм и курыт еджапlэхэм я егъэджакlуэхэм, еджакlуэхэм, абы и творчествэм дихьхьэхэм, и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ зэхьхьэм зыкъраГъахьэлlат. Пшыхьыр гукъинэжу ирагъэкlащ икlи Джэрыджэм и усэхэм я къудамэщ, абыхэм ящlэть гупсысэхэм, ахэр зытеуухуахэм тепсэлъыхьащ Iуэхугцlапlэм и лэжьакlуэхэу **Къанкъуе Исламэрэ Къагъырмэрэ ФатIимэрэ**.

- Джэрыджэ Арсен, сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытми, зи ужь итыр адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ зэрызригъэужьынырщ, ахэр нэхъри хъума зэрыхъунырщ, ипэкlэ зэригъэкlуэтэнырщ, - жиlащ **Балэ Людмилэ** пшыхьыр къыщыдэлъхьыжьащ. - Цыкlуэмэ зи къалэмыр хуэзыгъэбзэ усакlуэ куэд дызэрымыlэр къэплъытэмэ, сабий литературэм абы хуищl хэлъхьэныгъэр къыпхуэмыlупытэным хуэдэу инщ. Ар УФ-м и Журналистхэми Тхаслъэхэм я зэгугъэныгъэхэми хэтщ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыцlэ Мухьэмэд** кlэщlу тепсэлъыхьащ Джэрыджэр адыгэбзэкlэ республикэм къыщыдэкl лъэпкъ газетым и лъэс зыбжанэкlэ зэрыщыплэжьам, иужькlэ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм зэрыкlуам, мы зэманым «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм зэрыщыlэм, ауэ сыт хуэдэ Iэнатlэ Iутми лъэпкъ литературэр зэи Iэщlыб зэримыщlым, хьэл-щэн дахэхэр зэрыдэплъагъум. Мухьэмэд и ныбжьэгъуэм зыхуигъэзащ узынщагъэ быдэ иIэу илъэс куэдкlэ псэуну.

Джэрыджэ Арсен лъэпкъ журналистикэмрэ литературэмрэ хуищlа хэлъхьэныгъэфIэхэм къытеувыlащ икlи зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу, зэдзэгушlэу зэрызэдеджар игу къыгъэкlыжащ филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Бакlуу Хъанджэрий**.

- Лъэпкъым и набдзэу ильытэр Арсен хуэдэхэращ. Абы и Iэдакъэ къыщlэкlа усэфIхэм ящыщу сызыщымыгъуазэ куэд кlуэ пэтми къызэрыкъуэкlыр гуапэщ. ЗэфIэкlкlэ Тхъэр къызэрыхуэупсам, образкlэ зэрыусэм дрогушхуэ. ГуфIэгъуэкlэ гъэнщlа гъащlэ кlыхь, гъэзгуанэ бгъуфlэ къехъулlэну сохъуэхъу! - жиlащ Хъанджэрий.

- Ди зэныбжьэгъугъэ илъэс 30-м щыгъащ. Абы къриубыдэу Арсен сигу щебгъа е сыкъыщимыгъэпэжа къэхъуакъым. Къалэн щыпщl дэтхэнэ зы Iэхури гурэ псэкlэ зыгъэ, псори зэпэзыlыпэть, нэгъэсауэ гудзакъэ зиlэ цlыхущ ар. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм я профсоюзым и президиумым хэту къыддолажьэ. Абы и псалъэрэ и чэнджэщкlэ щэнхабзэм и лэжьакlуэ куэдым я Iуэху кlуэтащ, цlыхухэм фIыуэ къаlуагъу. ЗэфIэкl зэрыбгъэдэлъым, и Iэнатlэм зэрыхуэпэжым дропагэ. Уэыхуейм уи Iэр техуэу илъэс куэдкlэ Тхьэм ди япэ уригъэт! - жиlащ Щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщl, УФ-м щыхь зиlэ и артистж **Дау Марьянэ**.

Даум Джэрыджэ Арсен псалъэ гуапэ куэд хужиIа нэужь, си лIыкlуэ Iэхуущlапlэм къыбгъэдэкl дыщэ дамыгъэр тыгъэ хуищlащ, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным, республикэм и профсоюз лэжьыгъэр егъэфIэкlуэным, лжьакlуэхэм я Iэхухэр дгъэжьыным илъэс куэдкlэ хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищlам, и Iэнатlэм гу къабзэрэ псэ хьэлэмкlэ зэрыпэрытым папщlэ.

Къуажэм дэс нэхъыжьхэру **ЖьэкIэмыхъу Борис, Къэзанш Валерэ, Иуаз Мухьэмэд** сымэ къыхагъэщащ Джэрыджэр, Кэнжэ къыззыlэпхъуэрэ куэд мыщlами, я жылагъу щыпкъэу къыззраlыытэр, ар адыгэлI нэсым, гъэсэныгъэ ин зыхэлъ цlыхум зэрищlапхъэр, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ литературэм зегъэужьыным зэрытелажьэм зэрыригушхуэр, узыншагъэ быдэ иIэу, и унагъуэм берычэтыр имыкlрэ цlыху кlуапlэу лъэпкъым илъэс куэдкlэ иджыри хуэлэжьэну зэрагуапэр.

Пшыхьым къыщыпсэлъахэм нэхъыщхьэу жаIар къыззыщlэпкъуэжмэ, ар Джэрыджэм и гъащlэр Хэкум, лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуэлэжьэным, адыгэбзэр, хабзэр хъумэным, щlэблэм я деж нэхьэсыным зэрытриухуарщ, а Iуэхуэм хуэпэжу зэрыпэрытыращ, композиторхэру Жырыкъ Заур, Къэбэрдокъэ Борис сымэ, нэгъуэщlхэм абы и усэхэм макъэмахэр щlалъхьэу уэрэд гурыхъэ зэрыхъуарщ, къыжьэкlа лъэпкъым и гъащlэр насып защlэу зыльлъагъуну щlэхъуэпс усакlуэм и гъащlэр щlэблэм я деж зэрыщlапхъэрщ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджьыlакlуэхэу Дау Марьянэ, Бесчокъуэ Майе, Шэджыхьэщlэ Аслъэнбий, Шэрджэс Iэсият, Джэрыджэ Аслъэнбий, Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и лэжьакlуэхэу Вындыжь Аскэрэ Мамий Аслъэнрэ, а Iуэхущlапlэм и «Нартсанэ» сабий къэфакlуэ ансамблым и солистхэу Гъукlэ Сабинэрэ Шагъыр Иналрэ, Аруан районым хыхь Къужьыкъуей Ищхьэрэ къуажэм и курыт еджапlэм и еджакlуэхэу, Грознэ къалэм иджыблагъэ лъэпкъ Iэмэпсымэхэмкlэ щекlуэкlа Iуэрыlуатэ фестивалым пашэ щыхъуа пшынауэхэу Мер Виолеттэрэ Гъукlэжь Динарэрэ, нэгъуэщlхэми. Джэрыджэ Арсен и сабий усэхэм Гъэхуауэ къеджащ